

FATRA (TRASH). Haitian novel written in Haitian Creole (Kreyòl). First edition. 2026. Copyright by the author: Elidor Stepahnn FONTINY.

Edisyon 10 Mas (e. w. védrine)

NOTE : NÒT

This book can be used in university *Liv sa a ka itilize nan kou inivèsité* courses such as, Black Studies, Caribbean *tankou: Etid Nwa, Etid Karibeyen,* Studies, Cultural Anthropology, Haitian *Antwopoloji Kiltirèl, Etid Ayisyen,* Studies, Research on Haitian Creole, *Rechèch sou Kreyòl, Leksik Kreyòl* Haitian Creole lexicology, French based *Ayisyen, Kreyòl a baz Fransè....* Creole...

Nobody has the right to reproduce this *Pesonn pa gen dwa repwodui liv sa a* book by any means (electronic, audio, *sou oken fòm (elektwonik, odyo,* photocopy, etc.) without the written *fotokopi, elt.) san pèmisyon alekri* permission of the author but they can *otè a, men yo ka pale de li, panse* talk about it, think about using the hard *itilize kopi di a (liv), ekri kritik sou li* copy (book), write critics about it /book *pou pibliye nan peryodik (journal, rev* review to be publish in periodicals *literè, pajwèb...).* (journals, reviews, magazines, web sites...).

This book can also be used at high Liv sa a ka itilize tou nan nivo school level (as textbook prepared for *segondè (kòm tèks) ki prepare pou* that), for native speakers of Haitian *sa, pou natif ki pale kreyòl, ki vle* Creole (Kreyòl) who want to master *metrize ekri kreyòl, e ki pou aprenan* writing in Haitian Creole, and for *(ki pa natif lang nan). Li ka itilize o* learners (non-native speakers) of the *nivo entèmedyè ou nivo avanse. Li* language. It can be used at *vin ak yon lis kesyon sou chak chapit* intermediate or advance level. It *nan fen liv la. Se yon model Plan* comes with a list of questions on each *Leson pou ede anseyan, e lektè k ap* chapter at the end of the book. *It's a itilize l.* Lesson Plan model to help teachers and readers who are using it.

CHAPIT YOUN

Solèy la potko leve, men li te gentan fè midi. Yon tan fimen te blayi sou figi vil la. Se te yon mwa fevriye. Djonn t ap prepare egzamen ofisyèl bakaloreya. Tankou tout Egzamen Leta, pèsonn pa ta dwe pran egzamen sa a alalejè. Tout moun t ap kalewès, regle zafè yo, sof zafè lekòl. Men li te gentan konnen yo pral kouri monte, kouri desann nan mwa me ak jen pou yo prepare jiyè. Li menm, li te gentan tèt glas paske l te gentan kòmanse prepare egzamen depi nan desanm.*

Djonn te motive. Finalman, li te sou lekòl. Sa te rive apre baton papa l t al ba li lekòl la pou delenkan, lè l te nan Nouvo Segondè 2 (NS2). Yon aprè midi nan yon kou syans sosyal, elèv yo t ap bay yon jennonm ki rele Bobo Fawouch. Fawouch yo tèlman t ap byen tonbe, misye te kòmanse kriye lè elèv yo te kòmanse ba l fawouch* sou ti sè li a.*

Nan demen maten, Bobo te pwente lekòl la ak grann, granpapa l, manman l, pou vin fè jijman fawouch la. Daprè Bobo, elèv yo te di ti sè li a te konn pipi gout pa gout. Kounyeya, nèg nan lari a fè l pipi tankou cheval. Ebyen, premye non Bobo te repete, ki te di pawòl sa a, se te non misye. Direktè a te antre nan klas la pou l chache moun Bobo te site ba li yo. Djonn te santi yon frison ki glase tout zo l, lè l te tandè direktè a di: «Lasiri Djonn!». Malgre lespri l pa t sou li ankò, men li te devan, direktè a te dèyè; yo t ap pran chemen direksyon an.*

Lè l te rive nan direksyon an, li jwenn tout delegasyon fanmi Bobo chita devan biwo sansè lekòl la, ak tout manm nan direksyon an. Yo te sèlman mande l: «Èske se ou ki t ap bay lodyans sou ti sè Bobo a?»*

Li te nèke gade moun yo, epi l te pete kriye. Direktè a te tou di misye: «Al pran valiz ou! Vini ak paran w lendi!».

Se te premye fwa papa l ta pral deplase pou l vin wonfle misye anba baton nan lekòl sa a. Men tou, se pa t premye fwa papa l t ap vin wonfle l nan yon lekòl. Lè l te nan katrityèm ane fondamantal kay mè yo, Fabyen t al bat li pou yon bidon grenn kenge plen dlo li te pote lekòl la. Lè l te rive ak bidon an, Djonn te fè kwè bidon an ba l pouvwa, Kòm kwa, li ka fè sa l vle sa l pito. Simeyon, youn nan elèv yo, ki te deja gen yon gratèl, te fè konnen se li menm ki ba l machacha* ak bidon dlo grenn kenge a ki nan men l lan. Mè a pa t menm poze l kesyon, kontrèman ak direktè sa a ki te poze l yon sèl kesyon, li te tou di l vini ak paran l.*

Fabyen te rive lekòl la, li te dèyè Djonn pye pou pye; li te nenk fin salye direktè a, ak fanmi Bobo. Li fè Djonn met ajenou devan paran Bobo pou mande yo eskiz.

Lòt pawòl ki te soti nan bouch Fabyen pandan li t ap gade Djonn ak degou, se te : «Dirèk, tanpri ou pa gen yon rigwaz la souple ?». Jou sa a, se pa de baton Djonn pa t manje! Sa k te pi rèd la, se te devan tout lekòl la nèt. Tout moun te kanpe sou de ran ap gade.

Depi jou sa a, se te bèl mwayèn ki t ap tonbe sèlman. Djonn te vin tèlman enfliyan nan lekòl sa a, li te menm vin prezidan klas nan NS3, epi prezidan jeneral nan NS4*. Moun ki t ap gade te konn di l ap loreya. Yo te konte sou li. Motivasyon total !*

(•)

Kòm li te fè frèt anpil, Djonn te chita tou pre recho dife Mafi t ap fè manje a. Li t ap admire bèl foto sou Instagram. Li t ap gade yon seri medam ki tèlman anfòm, se kòm si yo fè espre yo mete foto ki montre tout kò yo. Se yon fason pou fè gason fè move rèv, rèv dwòl. Djonn te pran plezi nan santi chalè ti Adan l k ap monte, lè l ap gade foto sa yo.

Denkou, yon notifikasyon WhatsApp te monte! Se gade l gade, li wè l nan yon nouvo gwoup WhatsApp. Lè li te mande kiyès ki mete l, yon moun te reponn li an prive. Li te ouvri mesaj la ak de sousi l kontre, tèlman li tèt anba nan sa k ap fèt la. De tout fason, li pa t mande pou moun mete l nan gwoup*

Yon mesaj konsa te vin jwenn li : «Dezole wi, si w wè w nan gwoup san ou pa t mande pou te nan gwoup. Se yon aksidan, mwen pa t gen entansyon ajoute w. Se yon aksidan si mwen seleksyone ou nan kontak mwen. Mwen swete w konprann.»

Li te tèt anba toujou. Li potko ka konprann. Rapid, li te anvi konnen kiyès moun sa a ki gen nimewo l san li pa gen nimewo l tou. Kòman li fè genyen l? Djonn te rale yon gwo souf pou tanpere l, epi l te tape : «Èske mwen ka wè kiyès k ap ekri m nan, tanpri? Anfen, si tout fwa ou vle m aksepte eskiz ou pou sa w fè a.»

Twa ti pwèn ki nan nyaj mesajri a t ap kliyote pou montre l moun nan t ap ekri repons li. Apre yon bon tan, yo te disparèt. Pandan yon moman, li te panse se vag moun nan bay. Petèt li te twò dirèk, oubyen li te twò oze pou l te gentan ap fè moun nan chantay.*

Pandan li ta pral vire pou l retounen sou bèl foto medam yo sou Instagram, ki te fè l pèdi tout sans tan an, Yon foto te monte.

Vizaj kare, jou gonfle, je zetwal, souri file, dan blan kou zonbi. Fi a kanpe bò yon pye sapen atifisyèl ki dekore ak zetwal, klè ak limyè pou bay pyebwa a sans Nwèl. Li kanpe nan estil yon ti tas, yon men nan ren epi lòt men an sou kwis li. Li mete yon ti kòsaj ki kite ti twou lonbrit li nan lari, yon pantalon djin ki mete tout sèks li an valè*. Se kòm si pandan Djonn t ap fantasme* sou foto medam yo sou Instagram nan, epi gen youn ki remake l ap suiv li lontan, epi l fè esprè li ajoute msye sou yon gwoup (san objèktif), jis pou l ka pale ak li.*

Soti nan tèt rive nan pye, demwazèl la se yon boutèy koka ak etikèt «manje m» tache sou li. Li gen yon ti pè sandal kalap nan pye l ki ekspoze dis zòtèy li, ki pentire ak yon kitèks* ble d syèl. Moun k ap gade te gen dwa ap mande konbyen lajan li peye pou pediki sa, tèlman zong fi a limen. Cheve l founi, li penyen yon fason pou yo blayi sou fwon li. Gen yon gouf dèyè tèt li ki ranmase nan yon (estil) bounda poul. Pou l ka fini kwafi a, li frape yon boujoli nègès kreyòl ble*, ki kenbe bounda poul la. Li mete yon bèl zanno kreyòl nan zòrèy li. Po bouch li glose*, reflète tout limyè ki soti nan pye sapen an. Dam nan, poze...*

Rapidman, tout leson ki te nan tèt Djonn yo tout vole ale. Je l te plake sou foto a. Bote demwazèl la pran msye, li vòltije l nan dis jou apre. Demwazèl la t ap pase lang li sou zòrèy msye, touye tout ti plim annanfan ki sou po msye ak chalè bouch li. Je l t ap gade Djonn tankou yon koupab li pral kondane. Ti kò l ki tèlman sansyèl, t ap bouje devan msye nan yon rit ki tèlman lan kòm si se yon siwo. Yon siwo myèl byen pwès k ap glise desann anndan yon boutèy, k ap fè lang msye souffri pou l vin karese. Fi a t ap bouje pandan l ap retire ti kòsaj la pou l avegle mesye ak de piramid li yo. Piramid yo te plake byen di nan lestomak li. Li pran ke ti kòsaj la, l ap mòde po bouch li, l ap woule senti l an kamera*, tanzantan l ap monte kòsaj la pi wo. Ti Adan Djonn t ap revòlte. Kou ti kòsaj la te prèske rive sou tèt piramid yo, telefòn msye sonnen. Se lè sa li reyalize se yon foto l t ap gade. Se premye foto ki te fè l vwayaje lwen konsa, poutan chak jou l ap wè medam yo toutouni sou Instagram. Li te gentan tèlman ap fantasme sou fi a, tout sans li t ap vibre. Alòs, demwazèl la poko menm konn non l, e se premye fwa li te wè kreyati sa a.*

Telefòn nan t ap sonnen ak raj. Li te vle l pran l tankou yon bebe ki bezwen tete. Kiyès ki te rele msye? Demwazèl la te ba l apèl videyo. «Jezì, Mari, Jozèf! Poukisa manmzèl prese konsa?» Li pran apèl la epi l di «Alo!» Yon vwa feminen ki marye ak de seri nòt mizikal msye potko janm tandè. Li te sèten sa a se te yon myèl minè, oubyen yon dous makòs setyèm*. Li pa t ko fò nan kou gita li te kòmanse pran depi nan mwa janvye a, men l te gentan konn kèk non nòt*

e l te kòmanse ka distenge lè de oubyen twa nòt marye pou fè yon akò. Demwazèl la di yon «Alo» ki ponktyèl. «Alo!» a kout nan bouch li, men nan zòrèy msye se te yon etènite. «Alooooo!» a long, pi long pase rivyè Nil ann Ejip. Koulèv li te kòmanse detire nan yon nivo li pa t ka kontwole. Ta sanble nivo PH li te ogmante. Tout syantifik ka temwaye, nan moman an pa gen okenn tèmomèt ki ka bay a ki degre chalè Ti Adan* msye te ye. Demwazèl la te kontinye pale :*

« Ou anfòm?»

« Wi, mwen anfòm wi, e ou men m ?», *li te reponn pandan l t ap gonfle vwa l tankou yon moun ki gen dènye modèl mak matirite ki egziste a.*

« Se ou menm ki rele Djonn nan?», *li mande.*

« Ou te vle yon lòt moun rele Djonn ke mwen, bèl moun?», *Djonn reponn li.*

« O non! Mwen pa di sa pou anyen non. Mwen te *jus beuzwen mande w eskuz paske mwen mete w nan yon gwoup san otorizasyon w.*», *li di nan yon vwa dous.*

«Aaa... Oke, mwen konprann. San pwoblèm... marabou! », *Djonn reponn.*

« Pardon, kisa w di ?» *Demwazèl la mande.*

« Non ! Pa enkyete w !» *Djonn asire l.*

« Si tout fwa ou vle *sorti*, ou ka senpleyman kite gwoup lan, oke ?»

« De tout fason, mwen panse mwen gentan jwenn tout sa gwoup la ka bay antanke bon bagay, donk li pa nesesè pou m te rete sou li tou. », *Djonn efòme l*

« A bon ! Kisa l ye la menm ?» *Demwazèl la reponn.*

« Ou anvì konnen ?» *Djonn mande.*

« Ben, wi ! Mwen anvì konnen. Mwen t ap byen pran pa m nan tou.» *Demwazèl la reponn.*

« Ou konfyàn, ou anvì konnen ?» *Djonn ensiste.*

«Loll! Wi, mwen anvì konnen ! Arèt ! Di mwen kisa w jwenn nan !» *Demwazèl la reponn byen rapid.*

« Ki kote w rete ? *Djonn reponn san pran tan.*

« Pa lwen w ondirè. » *Demwazèl la reponn.*

« Serye ! Sa vle di ou rekonèt mwen deja ?» *Djonn etone.*

« Wi, mwen reukonèt ou e mwen konn lakay ou.» *Demwazèl la replike.*

« Waw, Oke. Ebyen, si w konnen lakay mwen, m ap tann ou, pou m ka di w kisa mwen jwenn nan gwoup la. » *Djonn etone.*

« Oo, oo mezanmi! Ou pa serye, Sa pa t nesèsè, ou ka di m li nan telefòn. Moun lakay mwen p ap kite m sorti. » *Demwazèl la reponn.*

« Ebyen, n ap wè demen, m ap tann ou pou m moutre w trezò gwoup la te sere pou mwen. » *Djonn replike aprè yon soupi*

« Non !! mwen pa... »

Distans pou l fini, msye te gentan rakwoche apèl la. Li pa t anvè kontinye konvèsasyon an paske franchman li pa t konn sa pou l te di ankò. Fanm Enkoni an tèlman te gentan nan tèt msye, li t ap pale avè l, kè l t ap sote. Kè l t ap bat tèlman fò, li te kouri leve devan dife cho a. Li te gentan bliye tout mit granmoun te konn ap di apwopo de cho ak frèt: yon moun pa dwe soti nan chalè pou l ekspoze l dirèkteman ak frèt, san sa l ap pran fredyè. Li te plonje deyò kizin nan, pou l te kouri antre nan sal la. Li te vide yon gwo vè dlo, li te bwè yon sèl ale, tèlman kè l t ap sote.

Jou swa sa a, li t al dòmi a 2 zè nan maten. Vizaj ti lèzanj lan t ap defile devan li. Menm lè li te fèmen je l, li te toujou wè souri demwazèl la t ap ba li pandan apèl videyo a. Li te chita sou kabann nan, li t ap imajine kòman pou l te rive sou fi a. Li pa t vle mal rive, pou yon moun li fenk rekonèt, ni li pa t vle mizè nan wout, pou chòdi pa lage l nan panyè zanmitay li a.*

Yon gwo kriz enkonfyans te anvlope l, antòtye l tout antye. Li te vle vale msye tou kri Kè li t ap kouri pi vit pase yon TGV*. Je li te pèdi nan ekran telefòn nan ap tcheke tout sit entènèt ki ka ban li bon astis pou l konvenk fi a. Li te sou YouTube li t ap gade videyo kòman pou l rive sou Ti Lezanj. Li t ap gade kesyon enpòtan pou poze fi, sijè pou pale lè w soti ak fi, kòman pou konpòte w lè l bò kote w, kòman pou atake lè l ba w siyal yo, kòman pou bo, pou fè lanmou, elatriye.*

Domaj, youn nan sa yo pa t rive konvenk msye. Li te santi fanm sa a, ti bagay sa yo twò lejè. Djonn pa t vle parèt tankou yon chalatan. Menm si se pa t premye fi li te rankontre, men fi sa a ta sanble li te gen yon bagay patikilye lakay li ki te rann msye fou. Donk, ti astis msye te wè la yo, se te pou novis.

Djonn te gentan gen yon anvè bo fi sa a ki te kenbe l, menm Bondye pa konn gen yon anvè ki pwès parèy. Li te gen yon souri ki fatige sou vizaj li, san dout paske li te fè twòp tan nan vizaj msye. Depi apre apèl videyo a, li pa t ka rete serye, se te souri sèlman. Li t ap mande tèt li, franchman ki kote ti lèzanj sa*

a soti? Tè a pa kreye zanj, tè a pa kale zanj, se syèl ki kreye yo. Ki kote ti zanj sa a soti ? Ki van ki pouse l tonbe nan kontak li ? Petèt li se yon deyès? E misye se yon dye, ki donk, yo rankontre.

(•)

Rapid rapid apre l te fin koupe apèl la, ti lèzanj te ekri l. Li di misye: «Apa w koupe apèl la, mwen gen lè fè w farche?»

Djonn pa t reponn. Se pa paske li t ap fè estil sou li, men se te paske li pa t wè sa pou l te di l, e li pa t ka di l se paske ti Adan l te rann li mal alèz lè l te wè l la ki fè l te koupe apèl la. Li te panse fi a te ka tou dezapresye l, paske yo potko menm pale menm, epi msye te gentan ap koupe apèl nan vizaj li.

Fanm Enkoni an te retounen ekri msye, epi l di l : « Oke, m ap vini jedi lè m sot lekòl. W a fè m konnen lè w la.»

Jezi, Mari, Jozèf ! Èske se vre? Ou kwè se sou blòf li ye?. Bon, de tout fason, depi l vini, msye sèmante l ap bo manmzèl kanmenm, l ap fè Ti Lezanj antre anndan chanm li an kanmenm.

Se te yon lendi swa. Lendi swa sa a msye pa t di kaye bonjou! Madi msye te sot lekòl, li t ap pale ak demwazèl la. Se gade l te gade, li te wè l inè nan maten. Yo t ap dyaloge pase twazè d tan nan telefòn, pale, pale tout koze. Mèkredi li lekòl, l ap voye estikè ak emoji* ale. Fi a te enterese! Nan aprèmidi, li te antre lakay li apre yon long jounen pase ap damou. Li pa t tande anyen nan sa pwofesè yo t ap di pandan jounen an. Tout sa ki te devan li se fi a ki t ap antre anndan lakay msye demen, ak menm souri ki te nan apèl videyo a.*

Djonn te kouche. Tanzantan li t ap gade lè a. Dènye fwa li te gade l, li te sizè nan aprèmidi. Nan lè sa a, se nan kaye l li te konn nwaye, ap manje mo lesou yo youn apre lòt. Men mèkredi aprè midi sa a, se lanmou ki t ap souse san ki nan kè li gout pa gout. Lanmou an gen yon jan li pase lang li sou po kò kè msye pou l ka byen niche ti gout san ki ta vle tonbe yo. Li te santi l gen yon pouvwa jouk nan zo li. Djonn wè l se pi gwo jènjan ki egziste nan mond lan. E li te panse nan fen semèn nan, fòk li ta kòmanse yon chanèl (chèn) YouTube pou li moutre mawozo ki gen nan zòn nan koze. «Franchman, m twò fò !», msye te panse.*

***NOT : NOTE**

alalejè/pran yon bagay alalejè. pa bay yon bagay anpil atansyon, pa fokis sou yon bagay.

anvi ki pwès. anvi ki entans, yon Anvi ki fò, ensipòtab.

astis. Metòd, strateji

Bakaloreya. egzamen fen etid segondè leta òganize nan lekòl klasik chak ane.

bay lodyans sou yon moun / Lodyans. bay blag sou yon moun, rakonte istwa sou yon moun

bidon. resipyan ki ka kenbe likid.

boujoli nègès kreyòl / Boujoli. akseswa atizanal ayisyen itilize pou mare cheve.

chòdi. fason jenn gason ayisyen rele jenn fanm yo, menaj oubyen madanm yo.

de sousi kontre. reyaksyon lè yon moun fache, similè ak "mare min, boude".

dous makòs setyèm. ekspresyon itilize nan woman Fatra pou ekspriye nan ki nivo yon bagay dous.

emoji. Yon ti senbòl dijital ki reprezante emosyon, moun, bèt, sitiasyon, elatriye.

enkonfyans. pèdi konfyans, san konfyans, yon santiman dout.

estikè. Yon imaj oubyen yon ilustrasyon ki pi gwo pase emoji a. se tankou yon ti dese nou voye ale nan konvèsasyon ou menm ak yon moun.

fantasme. ~ sou yon moun: admire, idolize yon moun seksyèlman nanpanse w.

fawouch / bay (yon moun) fawouch. fawouche, annwiye yon moun, oubyen anmègde yon moun menm (si li pa renmen sa).

fawouche. aksyon fawouche a.

fè (yon moun) chantay. fòse yon moun fè yon bagay paske w menase l.

glòs. akseswa pou fè po bouch klere.

glose. aksyon pase glòs nan po bouch.

grenn kenge. pyebwa ki fè kòs ki gen de seri ti grenn wouj e nwa ladan li.

jennjan. nèg ki ka koze ak fanm.

kalap. Yon estil sandal medam yo konn mete ki pa kouvri talon pye yo ak zòtèy yo. Yo souvan itilize l pou ale nan mache, oubyen pou mache nan kay.

kalewès. boloze, fè parese; grate-santi, p ap fè anyen.

kitèks. kseswa kosmetik medam yo itilize pou pentire zong yo lè y ap fè pediki.

lorea. Moun ki fè pi gwo mwayèn nan yon egzamen.

machacha. Plant tradisyonèl ki ka irite po, itilize pou fè remèd.

manje baton. resevwa anpil kout fwèt.

mawozo. Nèg ki pa ka koze ak fanm. s: koyo.

mete tout sèks (yon moun) an valè. lè pati entim yon moun parèt jan li ye a nan yon pantalon sere.

myèl minè. ekspresyon ki itilize nan woman *Fatra* pou ekspriye nan ki nivo yon bagay dous.

novis. debitan, wouki.

Ns2. nouvo segondè 2, klas nan lekòl klasik ayiti ki te rele segonn.

Ns3. nouvo segondè 3, klas ki te rele reto

Ns4. nouvo segondè 4, klas nan lekòl klasik ayiti ki te rele filo.

pèdi tout sans tan an. pèdi nosyon tanperati a, pèdi kapasite pou kontwòle tan an.

pediki. Fe zong pye bèl, netwaye zong pye yo.

PH. Echèl logaritmik ki mezire konsantrasyon idwojèn nan yon solisyon.

pipi tankou cheval. Pipi ak gwo presyon, lage anpil pipi.

plim annanfan. ti plim piti piti ki sou po moun; plim livèy.

sitwayen. yon endividi k ap viv nan yon site.

tèt glas. kalm, san presyon, sou kontwòl, koul, rilaks.

TGV. (Train à grande Vitesse : Tren gran vitès).

ti adan: ekspresyon ki itilize nan woman *Fatra* pou fè referans ak aparèy jenital gason (peni, pipich, toutou).

vale tou kri. Fè yon sèl bouche ak yon bagay.

Wonfle/wonfle ak baton/anba baton. 1. bat, bay baton, fwete. 2. bri moun fè lè y ap domi.

woule senti an kamera. gouye, bwase senti, nan yon fòm won.

KESYON & KONPREYANSYON • QUESTIONS & UNDERSTANDING

- (1). Ki premye fwa papa Djonn t al bat li lekòl?: *What was the first time Djonn's father went to the school to whip him?*
- (2). Kòman papa Djonn rele?: *What's Djonn's father name?*
- (3). Pou kisa papa Djonn t al bat li lekòl fwa sa?: *Why did Djonn's father go to his school to whip him?*
- (4). Kiyès ki te fè yo mete Djonn deyò?: *Who was behind expelling Djonn from the school?*
- (5). Kiyès Djonn te devni apre baton an?: *How did Djonn become after the wiping?*
- (6). Kòman Djonn te ye lè lòt moun yo ap kouri moute, kouri desann pou prepare egzamen?: *How was Djonn (behavior) when other students were going up and down (in panic) to prepare the exam?*
- (7). Kòman foto Djonn te resevwa a te afekte li?: *How did the picture Djonn received affect him?*
- (8). Kisa Djonn te mande moun ki te rele l nan telefòn nan?: *What did Djonn ask the person who called him by phone?*
- (9). Pou kisa Djonn te rakwoche pandan moun nan potko menm fin pale?: *Why did Djonn hang up while the person was still talking?*
- (10). Kisa Fanm Enkoni an te di Djonn lè manmzèl t ap tèks ak li a?: *What did the woman tell Djonn she was texting him?*
- (11). Kòman Djonn te santi l apre demwazèl la te fin dakò vini lakay misye?: *How did Djonn feel after the young lady agreed to come over his house?*
- (12). Sou ki aplikasyon Djonn t ap chèche astis pou koze ak fi?: *What App was Djonn looking for astute to chat with the woman?*
- (13). Kòman demwazèl la te abiye nan foto Djonn t a gade a?: *How did the young lady dress up in the picture Djonn was looking at?*

(14). Èske Djonn te mande pou mete li nan gwoup whatsapp?: *Did Djonn ask to add him in a WhatsApp group?*

(15). Kòman Djonn te reyaji lè l te wè li nan gwoup whatsapp san mande?:

(16). Kisa PH vle nan di?: *How did Djonn react when he saw he was added to a WhatsApp group without asking him permission?*

(17). Eksplike nan ki kontèks otè a itilize mo «wonfle» a. : *Explain in what context the author uses the word "wonfle".*

(18). Kisa Djonn te fè le yo te mande l si se li ki t ap bay lodyans sou ti sè Bobo a?: *What did Djonn do when they asked him if he was the one making fun of Bobo's sister?*

(19). Ki pawòl Bobo di Djonn sou ti sè li a?: *What word did Bobo tell Djonn about his younger sister?*

(20). A kiyès Bobo te vini nan direksyon an?: *Who accompanied Bobo to the main office?*